

Anons Lamès

Venntwazyèm Dimanch Tan Òdinè

3/4 Septanm

Chak mwa Septanm, nou mete tèt nou ansanm pou sipòte tout prèt ki an règ yo k ap bati kominote ki pi solid pou tout moun, alafwa anndan ak odela limit pawas nou yo. Lè w sipòte koleksyon k ap vini pou Clergy Trust nan dat 17 ak 18 septanm lan, ou ka montre apresyasyon w ak sipò pou prèt yo ki kontinye fè yon diferans nan lavi w, nan lavi pawas nou an, ak lavi anpil lòt moun nan kominote nou an. Clergy Trust (Fon Klèje) founi pwogram sante ak byennèt, yon ekip swen ki devwe, ak yon rezidans pou prèt aje yo. Gade bilten semèn sa a pou aprann fason pou fè kado w nan koleksyon an.

Venn-katriyèm Dimanch Tan Òdinè

10/11 Septanm

Semèn pwochèn, nou pral gen yon koleksyon espesyal pou benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki pran swen sante ak byennèt tout prèt aktif ak aje yo ki an règ atravè pwogram sante ak byennèt, yon ekip swen ki devwe, ak yon rezidans pou prèt aje yo. Kesewa nan kominote pawas nou yo oswa nan kominote a an jeneral, prèt nou yo ap fè yon diferans chak jou. Koleksyon sa a se yon fason nou ka di mèsi pou plizyè fason prèt nou yo kontinye sèvi pawas nou yo, lekòl ak kominote nou yo. Bilten semèn sa a gen fason pou w fè kado w la.

Vennsenkyèm Dimanch Tan Òdinè/ Koleksyon Fen Semèn

17/18 Septanm

Dezyèm koleksyon jodi a pral benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki founi pwogram ak sipò pou pran swen sante ak byennèt tout prèt dyosezyen aktif ak aje yo ki an règ. Koleksyon sa a se yon sous finansman enpòtan pou prèt nou yo, kidonk nou va apresye anpil yon kado de nenpòt ki montan. Nan non pa mwen menm ak tout frè prèt mwen yo ki benefisye sipò Clergy Trust (Fon Klèje), mèsi pou jenewozite w.

LAPRIYÈ FIDÈL YO POU MÈS FEN SEMÈN KOLEKSYON SÈLMAN:

Pou tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ ki te dedye lavi yo nan sèvi lòt moun san pran souf. Ke yo kapab kontinye ranfòse kominote nou yo atravè ministè pa yo epi pote prezans Kris la bay tout lòt sa yo ke yo rankontre.

Vennsizyèm Dimanch Tan Òdinè

24/25 Septanm

Nan pwòp non pa mwen ansanm ak prèt frè m yo, nou di ou mèsi pou sipò ou a koleksyon espesyal Clergy Trust (Fon Klèje) fen semèn ki sot pase a. Si w pa t kapab fè don semèn pase a men w ta renmen toujou kontribye, tanpri gade bilten an pou fason pou fè kado w lan.